ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№207-208 (23.616) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 28, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр Москва щыІущІащ Уэгу транспортымкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІым

КІуэкІуэ Юрий Москва щыІущІащ Уэгу транспортымкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Нерадько Александр. ЗэІущІэр екІуэкІащ «Урысейм и транспорт Іэнатіэм 2010 - 2020 гъэхэм къриубыдэу зэрызиужьыну щыкІэр» федеральнэ программэ хэхам «Налшык» аэропорт комплексыр хэгъэхьэным теухуауэ Урысей авиацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ зэрызэдэлажьэм ипкъ иткІэ. ЩІхьэхуэу теПсэлъыхьащ телъытыкІыпІэ-къэтІысыжьпІэ гъуэгур зэгъэпэщыжыным. А лэжьыгъэр зэфІэкІмэ, абы Іэмал къитынущ къэрал кІуэцІ, къэрал щІыб рейсхэу агъэзащІэхэм хэгъэхъуэнымкІэ, илъэсым къриубыдэу кърашэкІ цІыху бжыгъэр мин 500-м нэгъэсынымкІэ. ЗэкІэ къызэрабжамкІэ, абы папщІэ сом меларди 3,9-рэ хуеинущ.

А проектыр гъэзэщІэныр, къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий, республикэм и турист-рекреацэ кластерым зегъэужьыным быдэу зэрыпыщІам и мызакъуэу, абы щІыналъэ псом и экономикэм дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэнущ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Депутатхэр щІалэгъуалэм яІуощІэ

● «Къэралым и сыхьэт»

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр «Къэралым и сыхьэт» Іуэхум илкъ иту яІущІащ Бахьсэн районым и курыт еджапІэхэм щІэсхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым къэрал, муниципальнэ Іуэхущ1апІэхэм щылэжьэнхэр щагъэхьэзыр и къудамэм щеджэхэмрэ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ**, Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Бэрэгъун Арсен**, ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ **Къэгъуэтыж Ахьмэд**, нэгъэщІэхэр.

Азычэ Светланэ щІалэгъуалэр хигъэгъуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым зэрызиужьам, республикэм хабзэхэр къызэрыщащтэм, депутатхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэм, нэгъуэщІ куэдми.

Жанатаев Сэлим ныбжьыщІэхэм яжриІащ хабзэм теухуа жэрдэмыр зищІысыр, ар къызэращтэ щыкІэр. Апхуэдизуи депутатхэр цІыхухэм зэрадэлажьэм тепсэлъыхьащ.

ЗэІущІэм щІалэгъуалэм Іэмал щаІащ я упщІэхэр депутатхэм иратыну. Ахэр яфІэгъэщІэгъуэну щІэуп1щІащ депутатхэм я хъуэпсапІэхэр зэпхам, зыпэрыт Іэнатіэм зэрыхуэкІуам, нэгъуэщІхэми.

Егъэджэныгъэм и гугъу щащІым, депутатхэр кьытеувыІащ еджапІэ нэхъыщхьэхэм пщІэншэу щрагъаджэхэм я бжыгъэм, Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэм я фІагъым, къэралым и сыт хуэдэ еджапІэ нэхъыщхьэми ущІэтІысхьэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм. Кьыхагъэщащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэу Іэмал имыІэу ятын хуейхэм 2020 гъэм къыщыщІэдзауэ тхыдэр зэрыхагъэхьэнур, 2022 гъэм - инджылызібзэр.

Депутатхэмрэ щІалэгъуалэмрэ тепсэлъыхьащ Іэщ1агъэлІкІэр зэрымащІэм, 2018 гъэм УФ-м и Президент хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІынум, цІыху щхьэхуэхэм льготэкІэ хущхъуэ къаІэрыхьэным и Іуэхур зытетым.

УФ-м и цІыхум и паспортыр еджакІуэ нэхъыфІхэм зэІущІэм щратыжащ, щІалэгъуалэм зыщрагъэплъыхьащ депутатхэм я Іуэхущ1апІэм.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

Сурэтыр **Іэхъуэбэч Хьэзрэіил** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Электрокъарукіэ шынагъуэншэу къызэгъэпэщынымкіэ и Штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 7-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-мкІэ къиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Электрокъарукіэ шынагъуэншэу къызэгъэпэщынымкіэ и Штабым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Электрокъарукіэ шынагъуэншэу къызэгъэпэщынымкіэ и Штабым хэтхэр убзыхуным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 7-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-м ипкъ иткІэ къаштам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Штабым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Къумахуэ А. В. - Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*;

Цыплухин А. Г. - «Газпромым Налшык дэж щыІэ и газ гуэшыпІэ» акционер зэгъэхэныгъэм и гъэзэщІакІуэ унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*;

б) Безниковэ И. С. и къулыкъым зэреджэр мыпхуэдизу унафэщІыр: «Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъплъыныжьмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр» *(Штабым и унафэщІым и къуэдзэр)*»;

в) Калинкин О. Г. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдизу къэхьын: «Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм токыр ятезыгуашэ компание» акционер зэгъэхэныгъэм и къудамэм - «Къэббалъкъэнергом» и унафэщІыр *(Штабым и унафэщІым и къуэдзэр, зэгурыІуауэ)*»;

г) Штабым къыхэгъэкІыжьын КІэщт А-А. Г., КІуантІэ А. С., Мисиров М. Хъу. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м
№134-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэлыкъу щызыІыгъхэм мазэ къэс хущІагъу ахъшэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм дыгъэгъаэзм и 28-м къыдигъэкІа Указ №195-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэлыкъу щызыІыгъхэм мазэ къэс хущІагъу ахъшэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм дыгъэгъаэзм и 28-м къыдигъэкІа Указ №195-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, «2017 гъэм и щІышылэм и 1-м кІуащІщІэдзауэ дыгъэгъаэзм и 31 пщІондэ» псалъэхэр «2018 гъэм и щІышылэм и 1-м кІуащІщІэдзауэ дыгъэгъаэзм и 31 пщІондэ» жиІэу.

2. Мы Указым къару егъуэт 2018 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м
№135-УГ

● Хъыбар гуапэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым и адрей щІыналъэхэм 2017 гъэм яхуригъэшэнущ мыІэрысэ тонн миным щІигъу

Урысейм мыІэрысэ щагъэкІ и щыхьэру хуэфащэ дыдэу къалъытэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым и адрей щІыпІэхэм мыІэрысэ лІэужьыгъуэ нэхъыфІхэм хуэдэу тонн минищэм щІигъу яхуригъэшэнущ.

2017 гъэм псори зэхэту пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэкІыу тонн мини 170-м щІигъу къыщрахьалІэну я мурадщ республикэм, ар 2016 гъэм елытауэ процентэ 125,7-рэ мэхъу. Мы зэманым республикэм и хъумапІэхэм щалъхьащ пхъэщхьэмыщхьэ хэлпхьыхьауэ тонн мин 55-рэ (нэгъабэ и иджы хуэдэ лъэхьэнэм елытауэ процентэ 132-рэ мэхъу).

ТЕНДЖЫІЗ Ринэ.

Республикэм щэкІхэкІыу къыщыщІагъэкІыр хуэдищкІэ нэхъыбэ хъуащ

2017 гъэм и мазибгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щэкІхэкІыу къыщыщІагъэкІым, 2016 гъэм елытауэ, хуэди 2,8-кІэ щыхэхъуащ. ИлъэситкІэ узэІэбэжьыжмэ, республикэм къыщызэІуахауэ щытащ текхиль Іэхущ1апІэшхуэ. КІуэ пэтми зиужьурэ, абы нэхъыбэ ещІ къыщІигъэкІ продукцэм и лІэужьыгъуэр. ИлъэсыкІэ зэрыщІидзэрэ абы къыщІэупщІэхэм ярищащ фІагъышхуэ зиІэ щэкІхэкІыу тонн 700.

ЭщІагъэлІхэм къызэральытэмкІэ, и лъэщагъ псомкІи лажьэу хуежьэмэ, а Іуэхущ1апІэр къэралым щынэхъ лъэщхэм ящыщ хъунущ.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

■ Жыжьэ - гъунэгъу ■ ДнФІ догъэлъапІэ
КЪЭБЭРДЕЙ
■ ЗэІущІэхэр ■ Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

● Къалэм и теплъэр

Бжьыхьэ лэжьыгъэхэр кърехьэлІэ

Къалэм и утыкуэр, уэрам нэхъыщхьэхэр, къулыкъущІапІэхэм я бжэІупэхэр зыгъэдахэ гъэгъахэр иджыри щІэращІэу итщ.

ЗЭРЫФЛЪАГЪУЩІ, мы илъэсым и бжьыхьэ лъэхъэнэм къалэ теплъэм кІэлъыплъхэм гулъытэ нэхъ зыхуащІахэм ящыщщ «маргаритки», «георгины» гъэгъахэмрэ къэрабэ плъыжь-морафэхэмрэ. Мыхэр дахащэу хагъэзэгъащ иужьрей илъэс зыбжанэм дэнэкІи уэру щыхасэжа розэ зэмыфэгъуэхэм. Мы гъэгъа лІэужьыгъуэхэм уэсыр къытрилъхьэу я теплъэр кІуэдынукъым икІи ахэр я дахагъэрэ бэшэчагъкІэ къыкІэрыхуркъым илъэс блэкІахэм я иджы хуэдэ зэманым хасэу щыта «виолэхэм».

ЗэхъуэкІыныгъэ Мащ1э зыгъэуэтынур «шэрхъэмрэ» гуэгуэным ещхьу къалэкумрэ къалэ къыдыхьэпІэхэмрэ щыт конструкцэхэмрэщ. Абыхэм иджыпстукІэ ярыт щхъуантІагъэ лъахъшэхэр щэкІуэгъуэм нэсыху ягъэхъеинукъым. ИужькІэ ахэр зэрахъуэжкІынущ уэсым дахащэу къыхэщ псей къудамэ цІыкІуэмкІэ.

ЛэжьакІуэхэм Налшык паркым ит клумбэхэри къаГъэщІэрэщІэж: уэгІпсытІым пэлъэщ «бальзамин» лІэужьыгъуэхэр, «гладиолусхэр» зэкІэ къранэ, хэгъуэкІа удэхэр къыхагъэкъабзыкІыж.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Совет Союз къэралышхуэм жэпуэгъуэм и 29-м Іэтауэ щагъэлъапІэу щытащ Комсомолым и махуэр. А зэманым щІалэгъуалэ зэщІэхъееныгъэм мыхьэнэшхуэ иІащ, къэралым и гъащІэм жыджэру хэтыным теухауэ. Зауэ зэманми дунейр щыфІми абы хэтхэм къагъэлъэгъуэфащ лІыхъужьныгъэкІэ я Хэкум зэрыбгъэдэтымрэ лэжьыгъэм зэрыщымыщынэмрэ. Нобэ ягу кьагъэкІыж 1977 гъэм ирихьэлІэу комсомол зэщІэхъееныгъэм хэтхэм я бжыгъэр - я ныбжьыр илъэс 14 - 28-м иту СССР-м и цІыху мелуан 36-м щІигъу. Ахэр псори зэкъуэту зэрылэжьам и щыхьэту, ВЛКСМ-м ордених къыхуагъэфащат.

ДИ КЪЭРАЛЫМ комсомолыр къызэрыщызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 99-рэ зэрырикъум и щыхькІэ, Налшык къалэм Іуэху зыбжанэ щрагъэкІуэкІащ. Граждан зауэм хэкІуэда комсомол щІалэгъуалэм я фэеплъым деж республикэ унафэщІхэр, а зэгухьэныгъэм хэтахэр, ныбжьыщІэхэр щызэхуэсри, удз гъэгъаэхэр тралъхьащ, Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм зэхьихьэ гуапэ щрагъэкІуэкІащ. Ар къызэІуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я Гимнэмкіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомол зэщІэхъееныгъэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Жыджэт Александр** къызэхуэсахэм гуфІэгъуэ мазэхэмкІэ ехъуэхъуащ.

- Ди къэкІуэнур фІыуэ щытыну дыхуеймэ, ди блэкІар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Тхыдэр щІэблэхэм зэІэпахын хуейщ. Сыт хуэдэ зэфІэкІ яІа комсомолым хэтахэм жыпІэмэ, Хэкур хъумэным, абы зегъэужьыным, щыщІэхэр къэІэтыным ахэр псэемыблэжу яужь итащ, - жиІащ Жыджэтым. - Къалэщ1эхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ, электростанцэр къэралышхуэм щыхуэным, нэгъуэщІ Іуэху куэдми щІалэгъуалэр хэтащ. Ди зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэлъытэ етІанэгъэ Комсомолыр ильэси 100 зэрырикъур хуэфащэу дгъэлъэпІэным, комсомолым и ветеранхэм я республикэ советым и лэжьыгъэр едгъэфІэкІуэным дегупсысын зэрыхуейр. Дэ къыдгуроІуэ ялэрей комсомолым и жылпхъэм нобэ щІалэгъуалэр зэрытхуимыгъэувэжынур, ауэ лэжьэныкІэ, еджэныкІэ, хэкум хуэпэжныкІэ абыхэм ягъэльэгъуа щапхъэр иджыдри щІэблэм ящІэныр, я гупсысэр абы теухуэныр лейкъым.

КъБР-м и комсомол зэщІэхъееныгъэм и ветеранхэм я советым къыбгъэдэкІ щІыхь тхыльхэр пшыхьым щратащ цІыху зыбжанэм. Зэхуэсыр ягъэдхащ республикэм и артистхэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэрэ Толгуров Камалрэ** *трахащ.*

● Комсомолым и махуэ

ЩІэблэм тхыдэр ящІэн папщІэ

● Іуащхьэмахуэ лъапэ

ИлъэсыщІэм и япэ махуэхэм зэпэубыдауэ щытынущ

Федеральнэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къызэратамкІэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ хьэщІэщхэр Илъэсыщ1эм и япэ махуэхэм зэпэубыдауэ щытынущ.

ДУНЕЙМ и щытыкІэм зэрызихъуэжьым кІэлъыплъхэм зэрыжаІэмкІэ, Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и джабэ нэкІуэм лыжакІэ къыщыбжьыхь хъунущ щэкІуэгъуэм и пэщІэдзэ махуэхэм щегъэжьауэ.

«Жэпуэгъуэм и 31 пщІондэ дэ пІалъэ пыухыкІам хуэзэу зэфІэдгъэкІын хуей лэжьыгъэхэр едгъэкІуэкІынущ - кІапсэ гъуэгуэхэр лъэхъэнэщІэм хуэдгъэхьэзырынущ. Абыхэм къадэкІуэу, кьежэхыпІэхэм я бгъуэгыр метр 20-кІэ нэхъыбэ тщІынущ. Лэжьыгъэ псори щэкІуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу зэфІэдгъэкІыну ди мурадщ. Джабэ нэкІу лъагъуэхэр щыІэ къызэрегъуэ къызэІутхынущ, дызыхуэкІуэ мазэм и пэщІэдзэ дыдэм щегъэжьауэ лыжакІэ къыщажьыхьыбын хуэдэу», - щыжаІащ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм и администрацэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Бахьсэн и псыхъуащхьэхэм щыІэ «Эльбрус», «Чегет» куурттхэм кьегъэщІыІа джабэ нэкІу нэхъ задэхэм, фрирайдкІэ къыщыбжьыхь хъухэм, жэпуэгъуэм и пэщІэдзэ махуэхэм япэ уэсыр къытрилъхьауэ зэрыщытари.

Лыжэ лъагъуэхэр, абыхэм я зэхуаку дэт станцхэр махуэм и кІуэцІкІэ узэрыкуейм хуэдизрэ кьэбгъэсэбэпыну хуит узыщІ магнит карточкэхэм (ски-пассхэм) я уасэр нэгъабэрейм хуэдизу щытынущ.

Турист фирмэхэм къат хъыбархэм ятепщІыхьмэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ хьэщІэщхэм я пэш псори Илъэсыщ1эм и япэ махуэхэм ирихьэлІэу зыгъэпсэхуакІуэ къэкІуэну хуейхэм трагуэшагъэхэхэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гу зытъытапхъэ

Урысей Федерацэм и Президентыр зэрыхах хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ зокІуэ «Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным и Іуэхукі» Федеральнэ законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къыдэкІа Федеральнэ закон №103-ФЗ-р.

ЗАКОНЫМ игъэуващ Урысей Федерацэм и Президентыр щыхахынур зытрауха тхьэмахуэ махуэм и пэ кьихуэр мылэжьагъуэ гуфІэгъуэ махуэу е а тхьэмахуэ махуэр мылэжьагъуэ гуфІэгъуэ махуэу зыхэт тхьэмахуэ зэхуакум хиубыдамэ е а тхьэмахуэ махуэр ягъэува хабзэм тету лэжьагъуэ махуэу кьалъытамэ, хэхыныгъэхэр кьыкІэлъыкІуэ тхьэмахуэ махуэм ягъэпэхъуэну.

«Участкэ хэхакІуэ комиссэхэр кьызэрызэрагъэпэщ щыкІэр» 15-нэ статьями зэхъуэкІыныгъэ игъуэтащ. Ягъэуващ УФ-м и Президентыр щыхахкІэ открепительнэ тхьилъхэмкІэ Іэ яІэт мыхъуну.

ЗэракІэлъыплъ видеоІэмэпсымэхэр, сурэтхэр зэрагъэлъагъуэ нэгъуэщІхэр Іэ щалэт пэшхэм къыщагъэсэбэп хъунущ, стационар къудамэхэр зиІэ сымаджэщхэм, нэгъуэщІ медицинэ Іуэхущ ІаІэхэм, щІэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ шэч зыхуащІхэмрэ ягъэхъуаншэхэмрэ щаІыгъ щыпІэхэм, пІалъэкІэ щаІыгъ нэгъуэщІ щыпІэхэм, дзэ частхэм, Іэ щалэт махуэм зекІуэ щыІэ хъуэхъхэм, полярнэ станцхэм къыщыхэзІуаха хэхыпІэ участкэхэр щылажьэ пэщхэм нэмыщІ, апхуэдэу Урысей Федерацэм и щыналъэм химиуфыдэу кьызэрагъэпэща хэхыпІэ участкэхэм хэхакІуэхэм Іэ щрагъэІэт пэщхэрэ яхэмыту.

Іэ щалэт пэшхэм видеоІэмэпсымэхэр кьызэрыщагъэсэбэп, сурэтхэр зэрытрах, «Интернетым» зэрыщагъэлъагъуэ щыкІэр, апхуэдэу ахэр зэрахъумэ хабзэхэр Урысейм и ЦИК-м егъэув.

Іэ щалэт махуэм езыр зыщыпсэу щыпІэм щымыІэ хэхакІуэр хуитщ здэкІуам Іэ щрагъэІэтыну хуит зыщІыну лъэІу тхьилъкІэ хэхакІуэ комиссэм зыхуигъэзэну. Апхуэдэ лъэІур щатыну пІалъэр Урысейм и ЦИК-м егъэув Іэлэтым щыщІадзэнум махуэ 45-рэ нэхъ мащІэ имыІэжу икІи еух щыпІэ зэманымкІэ Іэ щалэтым и пэ ит махуэм сыхьэт 14-м нэхърэ мынэхъ кІасэу. Лъэлур зытыну хуитыр и паспортыр (и паспортыр зэрихъэкІмэ - пІалъэкІэ зищысыр зыгъэнаІуэ тхьилъыр) игъэлъагъуэкІэрэ езы хэхакІуэм и закъуэщ. Лъэлур ит хъунущ кьалэн куэд зыгъэзащІэ центрым и Іэмэпсымэкэр кьиГъэсэбэну.

ХэхакІуэр щыпІэм щыпсэу хэхакІуэхэм я спискэм хагъэхьамэ, абы фІокІуэд здэщыІа щІыпІэм и хэхакІуэхэм я спискэм я спискэм хэтыныжьыІэ иІэ хуитыныгъэр.

Лъэлу тхьилъ зыта хэхакІуэр здэщыІа щІыпІэм Іэ щызыІэт хэхакІуэхэм я спискэм щыхагъэхьэ хъунур зы хэхыпІэ участкэм закъуэщ. Лъэлу тхьилъ зыта икІи езыр зыщыпсэу щІыпІэм и участкэм Іэ щІэт хэхакІуэм и щІэт махуэм екІуэлІа хэхакІуэр Іэ зыІэтынухэм я спискэм хэгъэхьэ участкэ хэхакІуэ комиссэм и унафэкІэ икІи езыр здэщыІа щІыпІэу лъэлу тхьилъым кьыщыгъэлъэгъуам и хэхыпІэ участкэм Іэ зэрыщимыІэтар агъэбелджылы иужькІэ. ХэхакІуэм лъэлу тхьилъ зэриртам, абы Іэ иІэтыну зэкІуэлІа хэхыпІэ участкэм ятеухуа хъыбарыр къапщытэ икІи ар лъагъэІэс щыналъэ, участкэ комиссэхэм. Мыбдеж кьыщагъэсэбэп «Хэхыныгъэхэр» ГАСэри. Лъэлу тхьилъ зыта хэхакІуэхэм я бжыгъэр дэтхэнэ хэхыпІэ участкэми щыхэхуэ-щхьэхуэ тещІыхьауэ «Интернетым» иралъхьэ.

КІэлъыплъакІуэр хуитщ здэщыІэ щыпІэм тещІыхьауэ хэхакІуэхэм я спискэм хагъэхьэну лъэІуахэм ятеуху хъыбархэм щыгъуазэ зыхуищІыну, участкэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым кьригъэлъэгъуа щыпІэм и деж Іэ щалэт пэшым сурэт е видео щытрихыну. Абы папщІи япэщІыкІэ участкэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым, кьуэдзэм е секретарым хъыбар яригъэщІэн хуейщ.

КъБР-м и прокуратурэ.

Жамборэ Аслъэн къэрал зэпеуэм хэтынущ

Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм «Цыхубзэ участковэ» фІищауэ полицэм и участковэ уполномоченнэ нэхъыфІхэм я зэхьэзэхуэ иригъэкІуэкІым и республикэ Іыхьэр ихуащ. КъБР-м щыІэ МВД-м и сайтым и интернет-ІэнэтымкІэ цІыхуэхэм къыхахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыбгъэдэкІыу къэрал зэпеуэм хэтынур - полицэм и капитан Жамборэ Аслэнщ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыпсэуэхэм илъэс ещанэ хъуауэ Іэ хуаІэт Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм и лэжьакІуэм. Иджырей Іэнэтым къыщыхахащ Къэхъун кІуэжьмэ щыщ, полицэм и капитан Жамборэ Аслъэн Натбий и къуэр.

Илъэс 12-м щІигъуэу Жамборэ Аслъэн и нэІэм щІэтщ Къэхъун кІуэжьм и administративнэ щІыпІэр, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ органэм щолажьэ 1989 гъэ ІыпащІэрэ. А илъэсхэм участковэм кІыпІэжьащ кІуэжьдэсхэм пщІэ кьыхуащІыныр.

Абы и нэІэм щІэт щІыпІэм цІыху мини 7,5-м щІигъу щопсэу. Жамборэм зэрыжиІэмкІэ, къуажэдэсхэр нэхъыбэу зыпыщІар мэкъумэшырщ, гъащІэр зэпІэзэрыту макІуэ, щІэпхъаджагъэр мащІэ дыдэщ, псори зэрызэрыщІыхьум и фІыщІэкІэ. Къуажэдэсхэм нэхъыбэу участковэм зыхуагъэзэн хуей щІэхъур хабзэхэмкІэ чэнджэщ щхьэкІэщ.

Полицэм и капитан Жамборэ Аслъэн и Іэщагъэм зэрыхуэпэжым папщІэ министерствэм и унафэщІхэм мызэ-мытІэу гулъытэ кьыхуащІащ.

Аслъэн дзэхьэхэр гъэщІэгъэнщ - лэжьыгъэм кьыщыдэхуэ зэманым абы фІэфІщ пасэрей лъэпкъ Іэмэпсымэр - шыкІэпшынэр - игъэбзэрабзэну. Участковэм и лэжьапІэ пэшым фІэльщ Урысейпсо творческэ зэпеуэхэм кьыщыхьа дипломхэр.

Жамборэ Аслъэн и Іуэхур кьыдэзыІыгъа и къуажэгъуэхэм, благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ, и ныбжьэгъуэхэм фІыщІэ яхуещІ.

- «ЦІыхубзэ участковэ» зэпеуэм и республикэ Іыхьэм сызэрыщытекІуам къыгъэльэгъуащ щІыхуэм дэхьх кьыззэрысхуащІыр, - жиІэ Аслъэн.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ ІапІэ.

● Щапхъэ

ЩІэныгъэ куурэ зэхэщІыкІ лъагэрэ

Медицинэм епха дэтхэнэ ІэщІагъэри жэуапльныгъэшхуэ зыпылъщ. А Іэнатіэм упэрытын папщІэ абы ухуедежауэ ущытынкІ мащІэщ - щІэныгъэ куурэ Іэзагъэшхуэмрэ кьадэкІуэу пхэлъын хуеиІщ цІыхугъэ лъагэ, зэхэщІыкІ ин. А псори фІыуэу кьызыгурыІуэ икІи зи хьэлым хэлъ дохутыр нэсхэм ящыщ Урысей геронтологие щІэныгъэ-клиникэ центрым Гинекологиемкіэ и къудамэм и лэжьакІуэ, Пироговым и щІэр зезыхьэу Москва дэт Урысей лъэпкъ щІэныгъэ-къэхутакІуэ университетым (РНИМУ) и кафедрэм и унафэщІ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Хъэщыкъуей Асият Зульчиф и пхъур.

КУРЫТ школыр ехъулІэныгъэкІэ къиуха нэужь, Асият мурад ищІащ фІыуэ илъагъу дунэйм Іэщагъэм хуеджэну. А хъуэпсапІэр и гъэзугъэлъагъуэу пащащэр щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым. Сыт хуэдэ Іуэхуми жэуапльныгъэ хэлъу бгъэдыхьэу еса бзыльхугъэ щыкІум мыбдежми жыджэру зыкъыщигъэлъэгъуащ: щІэныгъэм хуэнэхъуеинщэт, нэхъыбэ кьызэрищІэным дапщащи хущІэкъурт. Медицинэм и унэтІыныгъэхэм ящыщу Хьэщыкъуейр нэхъыбэу дзэзыхьэхэр гинекологием епха зэшфэхэр зыдж щІэныгъэращ. КъБКъУ-р диплом плъыжькІэ 1977 гъэм кьиухри, Асият и зэфІэкІым щыхигъэхъауад Москва къэрал медицинэ институтым, Пироговым и цІэр зезыхьэм, (иджы РНИМУ) и ординатурэмрэ аспирантурэмрэ. Куэд дэмыкІыу абы игъэхьэзыращ икІи ехъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ и кандидат диссертацэр.

Къэралым и щыхьэрым дэт сымаджэщ цІэрыІуэхэм ящыщ зым ирагъэблагъэа дохутырыр зэман кІэщІым кьурибыдзу и Іэщагъэм хуэІэижь хьуащ. Бгъэдэлъ зэфІэкІым адэкІи хигъэхъуэну хущІэкъу Асият, зэрылажьэм хуэдэурэ, иригъэкІуэкІырт къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Ахэр зи лъабжьэ щІэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ Хьэщыкъуейм утыку кьурихьащ 1998 гъэм. Медицинэ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием (РАМН) Акушерствэмкіэ, гинекологиемрэ перинатологиемкІэ и щІэныгъэ центрым екъулІэныгъэ иІэу щыпхигъэкІа а доктор диссертацэм щытхъу куэд кьыщыухуакІащ щІэныгъэ дунейм.

Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор цІэрыІуэм и къалэмыпэм къыпыкІащ, щІэныгъэ лэжьыгъэу 400-м нэс. Ахэр щІэхъщІэхьырэ традзэ ди къэралми хамэ щІыпІэхэми кьыщыдэкІ щІэныгъэ журналхэм. Абыхэм яхэтщ монографие щхьэхуэхэр, патентхэр кьыщІыхуагъэфэща лэжьыгъэхэр. Хьэщыкъуейр ирагъэблагъэ икІи и Іуэху епльыкІэхэр кьыщигъэнаІуэу кьыщагъэпсалъэ медицинэмкІэ екІуэкІ дунейпсо, къэралпсо конгрессхэм, симпозиумхэм, конференцхэм. А псоми кьадэкІуэу Асият ядолажьэ дохутыр Іэщагъэм пэрыувагъащІэ Іэщагъэлі ныбжьыщІэхэм. Абы и нэІэм щІэту гъэхьэзыра хуъащ кандидат диссертацэу 15.

Зи Іэщагъэм гурэ псэкІэ бгъэдэт бзыльхугъэ щыпкъэм мы мазэм егъэпэлІэ кьыщалъхуа махуэр. Асият и махуэшхуэр хуэзыІэтыр абы и благъэ-Іыхьлыхэм, кьыдальхуаэхэм я закъуэкъым. Дохутыр Іэзэм псалъэ дахэ кьыхужаІэ ар сэбэп зыхуэхъуа куэдым. Дэри ди гуапэу зыхудогъаз махуэшхуэр зейм. Уи псэр кьабзэу, уи гур зэІухауэ, уи щІэныгъэри зэфІэкІри цІыхуэхэм сэбэп яхуэзыгъэхъу уэ дохутыр Іэзэм уи хъуэпсапІэхэр нахуанІэ хьуну, узыщІэхъуэпс, насыпу къэпльытэ псомкІи Тхьэр кьыхуэупсэну дыноХъуэхъу. Уэркіэ лъэпкъыр мэгушхуэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 28, щэбэт

♦Анимацэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м и Зауэ-хьэуа къарухэм я дзэ авиацэм и махуэщ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ анэшхуэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я махуэр

♦Гимнастикэм и урысейпсо махуэщ

♦Украинэр фашист зэрыпхъуакІуэхэм кьыщыІэщІагъэкІыжа махуэщ. Нэмыцэдзэхэм хьэкІэжхъуэкІагъэ куэд щыІэрахьа Украинэм и щІыналъэр Дзэ Плъыжьым 1944 гъэм хуит кьыщыжащ.

♦Чехие къэралыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит щыхъуар егъэлъапІэ. 1918 гъэм ар Австро-Венгриемкьыхэкіэщ икІи Чехословакие Республикэ къэунхуащ.

♦1571 гъэм, и еІуанэ щхьэгъусэ Марие (Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ) дунейм екьыжу илъэситІ дэкІа нэужь, Урысейм и пащтыхь Иван IV Грознэм Собакинэ Марфэ нэчыхь хуриГъэтхащ.

♦1804 гъэм Москва къыщыззрагъэпэщащ къалэм бжьамийкІэ псы езышэлІа япэ Іэхуущ ІапІэр.

♦1886 гъэм Нью-Йорк къыщыззІуахащ Хуитныгъэм и Статуер. Ар ищІащ скульптор Бартольди Фредерик.

♦Къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа икІи и къасэ **Щоджэнцыкіу Алий** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, УФ-мрэ Украинэмрэ я цІыхубз артист **Виктюк Роман** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Мысрокъуэ Замир** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ хьэрычэтыщІэ, Microsoft корпорацэм и къызэрэпэщ-щакІуэ, дунейм щынэхъ кьулей дыдэхэм ящыщ **Гейтс Билл** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Журналист, Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниием (ВГТРК) и унафэщІ **Добродеев Олег** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Америкэ киноактрисэ цІэрыІуэ, «Оскар» саугъэтыр плІэнэйрэ зыхуагъэфэща, нэгъуэщІ саугъэт куэдми я лауреат **Робертс Джулие** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 29, тхьэмахуэ

♦Инсультым пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Тыркум щагъэлъапІэ Республикэм и махуэр. 1923 гъэм а къэралым и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ, Уэсмэн империер зэрыщымыІэжым, Тырку Республикэ кьызэрыунэхуам теухуауэ.

♦Сербием и Конституцэр къыщащта махуэщ (2006 гъэм)

♦Комсомолыр къыщыззрагъэпэща махуэщ, 1918 гъэм лэжьакІуэ, мэкъумэшыщІэ щІалэгъуалэм я союзхэм я І съездым унафэ кьыщащтауэ щытыр урысейпсо зэгъэхэныгъэ зыззрагъэпэщыну. 1924 гъэм абы Лениным и цІэр фІащащ, 1926 гъэм ВЛКСМ жиІэу зэрахъуэкІащ. Илъэс 73-м кьриубыдэу а зэгъэхэныгъэм хэтащ цІыху мелуани 160-м щІигъу.

♦УФ-м, Белоруссием, Украинэм щагъэлъапІэ Автомобилистым и махуэр

♦1922 гъэм Москва къыщыззІуахащ Революцэм и театрыр. Иджы ар Москва Маяковскэм и цІэр зэрихьэу дэт академическэ театрыращ.

♦1943 гъэм Налшык ФЗО школ къыщыззІуахащ.

♦1944 гъэм советыдзэхэм щІадзащ Венгриием и къалащхьэ Будапешт хуит къэщІыжьыным теухуа зауэшхуэм. Ар 1945 гъэм мазаем и 13 пщІондэ екІуэкІащ.

♦Америкэр зэрыщыІэр япэу къэзыхута **Колумб Христофор** къызэралъхурэ илъэс 566-рэ ирокъу.

♦УФ-м и къэрал лэжьакІуэ, политик, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ академик **Примаков Евгений** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦АР-м и цІыхубз тхакІуэ, УФ-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкІэ щыІхь зиІэ я лэжьакІуэ **Пэнэф Сэфар** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Юрист, тхакІуэ **Сэрахъэ Александр** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артистэ **Балъкъэр Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 30, блыщхьэ

♦Политикэ Іуэхукіэ зэхэзехуэн зэращІам и зэранкІэ хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ. 1990 гъэм Москва и Лубянкэ утыкум дэк къыщыззІуахащ политикэ залымыгъэм ихьа цІыху мелуанэкэм я фэеплъ.

♦Урысейм и дзэ-тенджыз флотым и махуэщ. 1696 гъэм Пётр Езанэм тригъэчыныхьри, Пщыхэм я Думэм къыщтащ «Тенджызым тетыну кхъухьхэр щыным теухуауэ» унафэр. А махуэр Урысейм и дзэ-тенджыз флотыр къыщыззрагъэпэща махуэу къалъытэ.

♦Урысейм щагъэлъапІэ инженер-механикэм я махуэр

♦1711 гъэм Къэбэрдей отрядым Мурад-СультІан зи пашэ тыркудзэр хигъэщІат.

♦1888 гъэм США-м щыщ Лауд Джон шариковэ ручкэ къызэригупсыам теухуа япэ патентыр ираташ. Шакъэм хагъауэурэ зэрытхэу щыта кьалэмым и пІэ ар занщІэу къимыувами, дунейм абы Іэхутхъебзэшхуэ яхуищІауэ кьалъытэу, нобэми и цІэр ящыгъупщркъым.

♦1905 гъэм Урысейм и пащтыхь Николай ЕтІуанэм къыдигъэкІащ «Къэрал хабзэхэр егъэфІэкІуэным теухуауэ» унафэр. Абы щыубзыхуат цІыхум и хуитныгъэхэр, Къэрал Думэр хэхыным теухуа хабзэхэр.

♦1941 гъэм Севастополь къалэр бийм щыхъумэным теухуа зауэшхуэм щІидзащ. Къалэр кьебгъэрыкІуэ нэмыщдзэхэм Іэрамыгъэхъэу махуэ 250-кІэ яхьумащ. А зауэр гуащІэ дыдэу зэрыщытам и щыхьэту, 1945 гъэм Севастополь Къалэ-лІыхъужь цІэр фІащауэ щытащ. Фашистыдзэм абдеж щыфІэкІуэдауэ щытащ зауэлІ мин 300-м щІигъу.

♦СССР-м зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру щыта, Совет Союзым и Маршал **Устинов Дмитрий** къызэралъхурэ илъэс 109-рэ ирокъу.

♦Мысырым и дзэ къулькъуцІэ, штаб нэхъыщхьэм и унафэщІу, къэралым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру щыта **Февзи (Хьэхъу) Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Кхъухьлъатэзехуэ, Иорданием и ЛІыхъужь, къэралым и парламентым и депутат **Шурдым Ихьсан** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщі-живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Акъсырэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Аргентинэм щыщ, дуней псом щыцІэрыІуэ футболист **Марадонэ Диегэ** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирикъуащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщыщІыхьу. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гугъэ нэпцІыр щхьэгъэпцІэжщ.

● Парт Іуэхухэр

Дэтхэнэ сабийри ди дэжкІэ лъапІэщ

«Урысей зэкъуэт» партым къэралым и щыналъэ 74-рэ къыщыщІэубыдэу зэхиублащ «Сабийжэм хабзэр ящІэныкІэ ядэІэпыкъун» Іуэхугъуэр.

«УРЫСЕЙМ дежкІэ дэтхэнэ сабийри лъапІэщ» парт проектым ипкъ иткІэ щэкІуэгъуэ мазэм и кІэ пщІондэ екІуэкІыну я Іуэхум и унэтІакІуэ Колесниковэ Надеждэ зэрыжиІэмкІэ, юридическэ, педагогикэ институтхэм щеджэхэр кІуэнущ сабий унэхэм, зи ныбжь иримыкъуахэм, бын кьахьауэ зыпІэхэм ядэІэпыкъу Іуэхущапхэхэм. Абыхэм сабийжэм жраІэнущ я хуитныгъэхэмрэ я пщэ кьыдэхуэ жэуапльныгъэр зыхуэдэмрэ.

- Юристхэмрэ методистхэмрэ зэхагъэуващ сабийжэм ящапхъэ хабзэхэр, чэнджэщхэр щызэхэхъэха тхьилъ цІыкІуэхэр, - жиІащ Колесниковэ. - Зи гугъу тщІыр зы Іуэху ебгъэкІуэжкІэ зэфІэныкъуакІи, дэ дыхуеиІу ди волонтёрхэр сабий зеинщэхэмрэ ахуэдэжэр щапІ унагъуэхэмрэ чэнджэщгъуэу яІэну.

Колесниковэ Надеждэ кьыхигъэщащ «Урысейм дежкІэ дэтхэнэ сабийри лъапІэщ» парт проектыр 2013 гъэм зэраублэ лъандэрэ ди къэралым сабий зеинщэу исым я бжыгъэр тІуцІэ нэхъ мащІэ зэрыхъуар.

- Дэ ди лэжьыгъэр щыуэ гуэшащ: хабзэ и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъун, мылькукІэ защІагъэхъуэн, лэжьыгъэр зыгъэзэщІэнуэр гъэхьэзэырын, - жиІащ бзылъхугъэм. - Дэ дадэлэжьащ сабий кьахьауэ зыпІ унагъэхэм, бын пІын къэзыщтэну хуей адзэанэхэм делІэнІащ, я кьалэныщІэхэм хуэдгъэхьэзырын папщІэ. Иджы дэ зыкъыгурыІуэ зэтеубла хъуа Іуэхур зэредгъэфІэкІуэныщ. Кьапщтэмэ, дэ дадэлэжьэн хуейщ сабий унэхэм кьыщІэнэ цІыкІухэм.

2017 - 2022 гъэхэм кьриубыдэу зэфІигъэкІыну «Урысей зэкъуэт» партым пщэрылъ зыщищІыжьа Іуэхугъуэр хуэунэтІащ ди къэралым сабий зеинщэу исым я бжыгъэр гъэмэщІэным. Ар зэрызэфІах Іэмалхэм ящыщу зеинщэу ксна сабийхэр щапІын унагъуэхэр кьахуэгъуэтыныр, кьищынэмыщІауэ ахэр ядоІэпыкъу нэхъапэкІэ зеинщэу щытауэ унагъуэхэм ирата цІыкІуэхэр абыхэм яхэзэгъэныкІэ.

КъыхэзыщІатхъщ, «Урысей зэкъуэт» партым жыджэру зэфІих Іуэхум и фІыщІэкІэ УФ-м и Къэрал Думэм сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэм я нэІэ щІэмыт цІыкІухэмрэ щапІ Іуэхущ ІапІэхэм зыхуей къащІухуным теухуауэ щыІэ хабзэр нэхъ тынш зэрирщІар.

«Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и пресс-Іуэхущ ІапІэ.

● Спорт бэнэкІэ

Ветеранхэр къикІуэтынукъым

Болгариием и Пловдив къалэм щызэхэтащ ветеранхэм бэнэкІэ хуитымрэ алыдж-урым бэнэкІэмкІэ я дунейпсо чемпионат. Ди лъахэгъуэр абы къыщыхэжаныкІащ.



АХЪМЭТ Олег хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъащ бэнэкІэ хуитымкІэ килограмм 78-м нэс зи хьэлъаГъэм бэнэкІэ хуитымкІэ ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм. ЕтІуанэр килограмм 70-м нэс зи хьэлъаГъэм алыджурым бэнэкІэмкІэ я зэпеуэм къыщыхэжаныкІащ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Дзюдо

Къэбэрдей-Балъкъэрым дзюдомкІэ дунейпсо турнирыр къурегъэблагъэ

Нобэ Налшык къыщызэІуах «Локомотив» Урысей физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм къызэрригъэпэща, ныбжьыщІэхэм дзюдомкІэ я «Кубок вызова» дунейпсо зэпеуэр.

АБы щагъэува саугъэтхэм папщІэ зэпеуэнущ илъэс 11 - 12, 13 - 14 хъу щІалэ щыкІуэхэмрэ хьыджэбз цІыкІухэмрэ.

Командзэхэр зэпеуэнущ КъБКъУ-р илъэс 85-рэ зэрырикъумрэ Дзюдом и дунейпсо махуэмрэ я щІыхькІэ ягъэува кубокыр кьахьын папщІэ.

Уэгур зи плъапІэхэр

● Налшык

Налшык и къуэхьлъатэ телъэтыкІыпІэм щекІуэкІащ щІалэгъуалэ зэхьыхьэ.

НЭГЪУЭЩІ къэралыгъуэхэм куэд плъандэрэ къыщокІуэкІ аэропорт нэхъ ин дыдэхэм щІалэгъуалэр щызэхэсу сурэт гъэщІэгъуэнхэр щызыІэрагъэхьу. Дауи, япэщІыкІэ абыкІэ хуит зыкърагъащІ уэрэщІхэм. Зэщхьу зэпа ныбжьыщІэхэр апхуэдэу щызэхуос Франджым, Германием, Индж ылызым, США-м я аэропортышхуэхэм. Абыхэм я нэ къызэхуикІыр зыщ - къъухьлъатэ лъэщхэм яГурыту, щхьэж зэрыхуейм хуэдэу сурэт зытрагъэхьнырц.

ИрагъэкІуэкІ уэрэщІхэм я унафэщІ Уэртэн Аслъэн и унафэкІэ плІэ Венгриием и къалащхьэ Будапешт хуит къэщІыжьным теухуа зауэшхуэм. Ар 1945 гъэм мазаем и 13 пщІондэ екІуэкІащ.

♦Америкэр зэрыщыІэр япэу къэзыхута **Колумб Христофор** къызэралъхурэ илъэс 566-рэ ирокъу.

♦УФ-м и къэрал лэжьакІуэ, политик, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ академик **Примаков Евгений** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦АР-м и цІыхубз тхакІуэ, УФ-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкІэ щыІхь зиІэ я лэжьакІуэ **Пэнэф Сэфар** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Юрист, тхакІуэ **Сэрахъэ Александр** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артистэ **Балъкъэр Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Къылышбий Сулътlанбэч и гъащlэмрэ и гуащlэмрэ

Щэкlуэгъуэм и 5-м илъэси 150-рэ ирокъу Къылышбий Сулътlанбэч къыззраliteraлъхуэрэ. 1909 гъэм щыщlэдзауэ 1917 гъэ пщlондэ ар и унафэщlу щытащ Налшык административнэ округым. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ зэгъусэу зыхэт щlыналъэм арат а зэманым зэреджэр.

КЪУЛЫКЪУР къратын и пэ Къылышбий Сулътlанбэч урысыдзэм хэтащ. Къызэрыгуэкl сэлэту къащlидзэри, полковникым нэс дэкlуеят ар. 1908 гъэм дзэм къыхэкlыжри, япэщlыкlэ Тифлис губернэм хиубыдэ Сингах щlыпlэм, 1909 гъэм Тэрч щlыналъэм щыщ Хасавьюрт округым я унафэщlу щытащ. Иужькlэ, 1910 гъэм, ар къагъэкlуэжащ Налшык округым. Къыхэгъэщыпхъэщи, Кавказ зауэжьыр зэриухрэ а къулыкъур япэ дыдэ адыгэм къылъысу арат.

Къылышбий Сулътlанбэч жыжьэ плъэфу, гуащlафlэу, зэчиифlэу, унафэщl лъэщу щытащ, иджырей тхыдэджхэм зэрыжаlэмкlэ. Абы щыкъат тохъуэ Къылышбийм иригъэкlуэкlа зэхъуэкlыныгъэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ. Псалъэм папщlэ, Налшык и зыгъэпсэхупlэ щыпlэхэр нобэм къэса жыпхъэм изыгъэувар аращ. Къищынэмыщlауэ, Сулътlанбэч и унафэкlэ яухуауэ щытащ Котляревскэ станцым къыщыщlэдзауэ Налшык нэс къакlуэ гъущl гъэгур. Курыт еджапlэхэм я лэжьыгъэр зыубзыхуари, щlыхубзхэр егъэджэн хуейуэ къыхэзылъхьари, Владикавказ дзт музейм къэбэрдей къудамэ къыщыхэзlухьнри зи жэрдэму щытари аращ. Гулъытэншэ пщlы хъунукъым Налшык округым щыщу къэралым и еджапlэ нэхъыщхьэхэм щlэс щlалэгъуалэм мылъкукlэ защlигъакъуэу зэрыщытари.

Дызытепсэлъыхь зэманым Къэбэрдейри Балъкъэрри Тэрч областым и административнэ Іыхьэт. Апхуэдэу абы хиубыдэрт осетинхэри, ингушэри, шэшэнхэри, къумыкъхэри. Къылышбий Сулътlанбэч и тетыгъэм Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я экономикэкlэ, щыlэкlэ-псэукlэкlэ а псоми къахэщхьэхукlырт, нэхъ зажьат,eflакlуэрт. Абы лэжьыгъэшхэ иригъэкlуэкlырт адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я Іуэхущlафэкlэ, Іэщlагъэкlэ Урысей псом къыщыщlыхуэным теухуауэ. И мурадхэр къьхъулlэныжкlэ сэбэп хъуащ ищхьэщlуэкlэ зи гугъу тщlа гъущl гъэзгур Налшык къызэрыращэлар.

Сулътlанбэч гулъытэ хэха хуищlырт къуажэ школхэр зыхуей хуэгъэзэным, ахэр егъэджакlуэ Іэзэхэмкlэ къызэгъэпэщыным. Абы къуажэ унафэщlхэмрэ нэхъыжьхэмрэ къыхуриджэрт егъэджэныгъэм кlэлъыплъыну, щхьэж и къалэн зэригъэзащlэм, щlыкlуэхэм я ещжэкlэм я нэlэ трагъэтыну. Абы и фlыгъэкlэ 1914 гъэм ирихьалlэу Налшык округым курыт еджапlэу 112-рэ щыlэт, щlыху 6700-рэ щеджэу, абыхэм ящыщу 47-р адыгэ школт, 3-р - балъкъэрт. Къищынэмыщlауэ, муслымэн еджапlэу 97-рэ къыззрагъэпэщат.

1909 гъэм Налшык къыщыззlуахауэ щыта Реальнэ училищэм (иджы КъБКъУ-м медицинэмкlэ и къудамэр здэщыlэ унэр) зегъэужьыныр егъэфlэкlуэныжкlэ Къылышбийм иригъэкlуэкlа лэжьыгъэм и хьыбар яlуэ тэж ноби. Училищэм и унэр зыхуей хуэгъэзэным текlуэ да мылъкум и нэхъыбапlэр - сом мин 90 - Сулътlанбэч цlыхухэм захригъэдзауэ щытащ.

Къулыкъущlэм зыщlигъакъуэрт лъэпкъым зезыгъужьын Іуэху гуэр къезыхьэжьа дэтхэнэми, я жэрдэмыр ядlынгът. Псалъэм папщlэ, адыгэбзэ алфавитыр зэхэзыгъэува Щэрэлlокъуэ Талъостэн Бытырбыху университетым щыщlэсым, Тамбий Пагуэ и уэзщlакlуэ лэжьыгъэхэр игъэкlуэтэфынымкlэ лъэкl къимыгъанэу ядэlэпыкъуащ. Сулътlанбэч къихилъхьэри, Реальнэ училищэм и нэlэ тригъэтыну хахат публицист, жылагъуэ лэжьакlуэ цlэрыlуэ Щэрдэн Батырбэч. 1911 гъэм ар хахащ «Налшык округым щыпсэу адыгэхэмрэ бгырысхэмрэ егъэджэным теухуауэ лажьэ зэгъэхьэныгъэм» и унафэщlу. Къищынэмыщlауэ, училищэм щlэс еджакlуэ хуэмыщlахэм папщlэ зэхуахьэс жылагъуэ мылъкумрэ ахъшэмрэ студентхэм ятегущыlэныжкlэ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я комиссэм и унафэщl ящlауэ щытащ Сулътlанбэч. 1913 гъэм ирихьэлlэу къэралым и еджапlэ нэхъыщхьэхэм щlэст Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щыщ цыхуэ 10. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми сом 400 иратырт илъэсым (а зэманым зы мэлым сомы 3 - 4 и уасэу арат).

1914 гъэм Къылышбийм къыхилъхьащ Владикавказ дзт музейм къэбэрдей къудамэ къыщыззlуахыну Тэрч щlыналъэм и унафэщlым Іэщlагъэкlэ Урысей псом къыщыщlыхуэным теухуауэ. И мурадхэр къьхъулlэныжкlэ сэбэп хъуащ ищхьэщlуэкlэ зи гугъу тщlа гъущl гъэзгур Налшык къызэрыращэлар.

Сулътlанбэч гулъытэ хэха хуищlырт къуажэ школхэр зыхуей хуэгъэзэным, ахэр егъэджакlуэ Іэзэхэмкlэ къызэгъэпэщыным. Абы къуажэ унафэщlхэмрэ нэхъыжьхэмрэ къыхуриджэрт егъэджэныгъэм кlэлъыплъыну, щхьэж и къалэн зэригъэзащlэм, щlыкlуэхэм я ещжэкlэм я нэlэ трагъэтыну. Абы и фlыгъэкlэ 1914 гъэм ирихьалlэу Налшык округым курыт еджапlэу 112-рэ щыlэт, щlыху 6700-рэ щеджэу, абыхэм ящыщу 47-р адыгэ

Къылышбий Сулътlанбэч. *1892 гъэ*

Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я тет Къылышбий Сулътlанбэч. *1916 гъэ*

XX лlащlыгъуэм и пэм Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ къыщыунэхуащ егъэджэныгъэр, щэнхабзэр зыlэта уэзщlакlуэ гуп. Апхуэдэхэщ Къармэ Исхьэкъ, Къэшэж Тlалиб, Къудащ Елбэздыкъуэ, Фэнэий Мэжид, Цагъуэ Нурий, Дым Іэдэм, Гугу Мухьэмэд, Мечиев Кязим, Пащlэ Зэчмырзэ сымэ, нэгъуэщlхэри. Тхыдэм къыхэщыжьыркъым абыхэм я лэжьыгъэмкlэ Къылышбийр зыгуэрым зэран хузэхуауэ, я мурад ящlэзыпиудауэ, дэтхэнэ зыми хузэфlэкlымкlэ зыщlигъэкъуа, дэlэпыкъуа мыхъумэ.

Мыбдеж и гугъу щlын хуейуэ къыхсщохъу властымрэ совет тхыдэджхэмрэ Къылышбий Сулътlанбэч зэрагъэкъуаншэу щыта Іуэгугъэхэм. Дауи, лэжьакlуэхэмрэ уэркъэмрэ я зэхуаку дэлъ щыхуlэм тезыгъащlэу щыта идеологием тхыдэтхэм нэгъуэщl къахуидэнутэкъым. Сулътlанбэч пащтыхыым и блигущlэт зэлыму, Дзэлыкъуэрэ Шэрэджрэ зыкъыщыщыlэта мэкъумэщыщlэхэр 1913 гъэм гущlэгъуншэу зэтриукlауэ ягъэуват. Сулътlанбэч уэркъ лlакъуэм зэрыщыщым къыхэкlыу, апхуэдэ Іуэху еплъыкlэр яукъуэдийри, зыкъомрэ къекlуэкlащ, Урысейр зэхъуэкlыныгъэхэм хуэкlуэхуэкlэ.

Опрышкэ Олег 1996 гъэм къыдигъэкlащ «На изломе времен» жыхуиlэ и тхылъыр. А тхылъыр ятеухуащ совет зэманым зи цlэр ягъуэлъыне е зи гугъу ямыщlыххэу щыта уэзщlакlуэхэм я гъащlэм. Абыхэм ящыщ Къылышбийри. Тхылъыр зи Іэдакъэ къыщlэкlа щlэныгъэрылажьэм жиlэм зрителъхьэщ, а Іуэхур Опрышкэ нэсу иджауэ къызолъытэ, дзыхь хузощlри. Тхыдэтхым етх: «1913 гъэм Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ зыкъыщызыlэта мэкъумэшыщlэхэм Къылышбийм якlэлъызэрихьакъым залымыгъи гущlэгъуншагъи». Адэкlэ пещэ:

«Мазае революцэми, 1918 гъэм Налшык округым Совет властыр щагъэува нэжьи, 1913 гъэм зыкъызэзlэтауэ щыта мэкъумэшыщlэхэм ятеухуауэ Къылышбийм лъы игъэжауэ зыми игъэкъэншакъым. Уеблэмэ, 1920 гъэм ар яубыду, следствие щрагъэкlуэкlам щыгъуэ апхуэдэ щlэпхъаджагъэ зэрихьауэ зыми игъэкъэншакъым».

1914 - 1918 гъэхэм екlуэкlа Япэ дунейпсо зауэм Къылышбийм lыхъужьку зыкъыщигъэльэгъуащ. Абы и фlыгъэкlэ къызэрагъэпэщат зи цlэр ину зыгъэlуа, Австриеми Румыниеми къыщащlыхуу щыта Къэбэрдей шудзэр. Шууей 600 ирикъу дзэм и нэхъыбэр къэбэрдейрэ балъкъэррэт, икlи абы хэта зауэлlэхэр, кlаиэ щlагъуэ щымыlэу, медалрэ жоркlэ ягъэльэпlащ зауэ губгъуэм щызэрахьа лыгъэмрэ захуагъэмрэ папщlэ.

Езы Къылышбийм хэлъа лlыгъэм Станислав щихьым и орденым и 3-нэ нагъыщэр, Аннэ щихьым и орденым и 3-нэ нагъыщэр, нэгъуэщlхэри къыхуагъэфэщащ, урыс армэм и полковник цlэ лъапlэри къыфlащащ.

Октябрь революцэм и къыщlэкlа Сулътlанбэч ягуэхьащ большевикхэм япэщlэтахэм. 1919 гъэм Къэбэрдеймрэ и уэлий Бековиг-Черкасский уэркъым жылагъуэ Іуэхухэмкlэ и къуэдзэ ящl Къылышбийр. Большевикхэм зэрахьа политикэ залымыгъэм ар пэщlэхуащ 1920 гъэм. Иужькlэ хэкур ирагъэбгынащ абы и щхьэгъусэ Чэбыхьанрэ (1932 гъэм) и куэ Мурадинрэ (1937 гъэм).

Къылышбий Сулътlанбэч Налшык и административ округым и унафэщlу лэжьэху хузэфlэкl ищlащ щlыналъэмрэ къэпхъэмрэ зариГъэужьыныр теухуауэ. Дызэригугъэмкlэ, абы хуэфащэщ и цlэр фlыкlэ жаlэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм хуэфащэ уеблlэ къыщыщlысыжыну.

КЪАЛМЫКЪ Жылэбий, *КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зыубзыху советым и унафэщl.*

● КъБР-м и цыхубэ усакlуэ Кулиев Къайсын къызэралъхуэрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлlэу

Пастернак Борис щыгъупщакъым

ПАСТЕРНАКРЭ Кулиевымрэ илъэс куэдкlэ зэныбжьэгъуащ. 1942 гъэм тхакlуэхэм я Іуэху зезыхуэу щыта Фадеев А. А. Кулиевым и цlэкlэ пшыхь къызэригъэпэщат, а зэманым литературэ утыкум ита усакlуэ куэд щlэсу. Абыхэм ящыщт Пастернаки. Къайсын и усэхэр урысыбзэкlэ зэзыдзакlа Петровых Марие, Кедрин Дмитрий, Звягинцевэ Верэ, Зенкевич Михаил сымэ я лэжьыгъэхэм къеджащ. Езы Кулиевым мужьы жиlэжащ: «Пщlэшхуэ къыззрысуэщlар къызгурыlуэрт».

Балъкъэрхэр Хэкум щрашам щыгъуи щыгъупщакъым Пастернак и ныбжьэгъуэ. Ахэр илъэсипщым и кlуэцlкlэ зэхуэтхэу щытащ. Ар Іуэку тынштэкъым. Сталиным и зэманым ираша лъэпкъэм ящыщхэр къуажэ зыдэсым дэкlыну хуиттэкъым. Кулиевыр Къыргызыстан и тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэми СССР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэми къыхадзат, ныбжьэгъухэм я нэхъыбэм шынэуэрэ жэуап къратыжьыртэкъым. Ауэ Пастернак къыхуэтхэм и мызакъуэу, Кулиевым къечэнджэщырт, езыр зэлэжь зэдзэкlыгъэхэри и роман цlэрыlуэ «Доктор Живаго»-м и Іэрытхэри къыхуригъэхьырт. Кулиевым иту хигъахъуэрт Пастернак къызэригъэныбжьэгъум. «Си дамэм сытым дежи абы и Іэр телъу зыхэсщlэрт. Азие Курытым дыщыщlыпм щыгъуи нэlусырт си деж абы и макъ. Абы и псалъэхэм хуэдэ зыми тритхэфынутэкъым саугъэту къыхуригъэхь тхылъхэм. Пщlэмрэ нэмысымрэ сригъасэ зэпытт».

Дунейм щыхьжыну махуэхэр гъунэгъуу сымаджэщым щыщlэлъами, Кулиевым и Іэнэм Пастернак и усэ тхылъыр телът.

УРЫС Мэлэчыпхъу.



Гъунэ иlэтэкъым

УИ АДЭМ теухуауэ зыгуэр тхы къыщыжаlам, занщlэу сытегушхуакъым. Апхуэдиз зи инагъ усакlуэм теухуауэ зыгуэр жызыlэфынур езым хуэдиз хъу гуэрщ, щlыху къызэрыгуэкlым ар къызэщlиубыдэфынукъым. Нэхъ хьэлъэжщ, зи гугъу пщlыр укъзэшлъхуа уи адэмэ. И1Іани, фlыщlэрэ лъагъуныгъэ уэзи1эм и хьэтыркlэ, си къалэныр зэгъэзэщlанщ, си къару къызэримыкlынур къызэгурыlуэж пэтми.

Тэмакъкlыхьу нэгъуэщlым ухущытыныжрэ бэшэчагъ пхэлъыныжрэ дэтхэнэ зыми и хьэлым хухэгъэзагъэркъым. Нобэр къызэдэсым си адэм щапхъэ тызох а лъэныкъуэмкlэ. Нэгъэсауэ хэлът абы а щынхэр. Сыхьэтхэм я нэхъ хьэлъэм, залымыгъэмрэ хьэзабымрэ я гуащlэгъуэм и дежи абы зэи гъащlэм и щlыб хуигъазэртэкъым, сыт щыгъуи пшынальэр хуигъэбзэрабзэрт. Аракъэ усакlуэ нэсыр къызыхуалъхуар? Жысlэр пэжу къывгурыlуэну сыхуейт. Ди адэр щlыху гу щабэт, хэт и узри кууу зыхищlэу. Ауэ гуГъуехьым абы зыщидзэйртэкъым, зыбгъэдимыгъэхьэн щхьэкlэ жыжьэу къыпимыкlухьу, и псэм пхигъэкlырт, бамlэри зытримыгъакlуэу. Хэт нэхъри нэхъыфlу абы къыгурыlуэрт узымрэ хьэзабымрэ щlыхум и псэр зэрагъэкъабзэр, адрейхэм нэхъ гумащlэ зэрахуищlыр.

Лъагъуныгъэр, сэ къызэрызгурыlуэмкlэ, ауэ сытми псалъэкъым - лэжьыгъэшхуэщ. Ар щlыхухэм даззрыхущытым, тщlэм, щабагъым, гумащlагъым къахощ. Лъагъуныгъэр - къыббгурысым уиlэ псомкlи удзгъэщэфынращ: гуфlэгъуэмрэ нэщхьеягъэмкlэ, екъуlэныгъэмрэ бэлыхьымкlэ, щlакъхъуэмрэ кхъуеймкlэ. А лъэныкъуэмкlэ къапщтэмэ, си адэм и лъагъуныгъэм гъунэ иlэтэкъым. Бынхэр и нэми и псэми дыхуихьырт. Къыддэгузавэурэ игу хэщlырт. Зыгуэр тlэщlэщlэмэ, дигъэкъуанщэртэкъым, чэнджэщ щхьэпэ къыдитырт. И псэр пытыху, къыддэlэпыкъу зэпыту щытащ. И щхьэгъусэр уафэм нэс иlэтырт. Къызохьэлъэкl ар жысlэну, ауэ ди унагъуэм гуэзвэгъуэ къихъуэу ди анэр бэлыхь щыхэхуам, зы дакъикъэ темыплъэкъукlыу и къалэныр игъэзащlащ.

И ныбжьэгъуэхэм яхуэпэжт. Зэрызэгъэпжкlэ ядэlэпыкъурт. Зыми щымышынэу, къикlуэт имыIэу; зы щlакхъуэ Іыхьэ иlэмэ, и ныкъуэр яритырт. Сытым дежи гъащlэм хуэарэзыт, щlыху телъыджэхэр къицlыхуну Іэмал къызэрыритам щхьэкlэ. Къелъэlу псоми я хьэтыр илъагъурт. Ди унэм щlэт телефоным и уэзджынэр зэпыуртэкъым. Мелыlыч тэкъым ди адэр - ари еэзышрт, апхуэдиз лъэIури къытемыхьэлъэу къанэртэкъым, ауэ икlэм-икlэжьым щхьэж зыкуейр хуищlэрт.

УкIкlэ тезыр зытралъха щlыхум къыщхьэщыжат зэгъэр, хейм хуэмыфащэ пщlыр къыщlигъэщыр. Къригъэлыфати, сабийм хуэдэу гуфlэрт. Абы хэт нэхъри нэхъыфlу мыгурыlуэрт мыхьыжьын гъащlэ къызэрыкlыр щlыхухэм я хуиlэ лъагъуныгъэр зэрыарар. Гъащlэм хэмыт къыщlилъыхъуэртэкъым абы икlи сытым дежи къыlэрыхьэмкlэ арэзыт.

Хьэл тыншыр ди адэр нэгъуэщlхэм къахэзыгъэщ гуэрт. Сэри сыкуейт апхуэдэу сыщытыну, ауэ къызэхъулlэркъым нэсу. ГуГъущ бэлыхьым укъезыгъэлу къыпфlэщ нэкlу хьэхур къызыдмыкъэкlыну. Цlыху зэмыщлхъэм зэрадекlуэкlыф Іэзагъым сехьуапсэрт. Хэт емыпсалъэми, зэрыщlэту къзнэжьфырт - ауэ зэрыгъэкъуапсэр. Іэнэм щыбгъэдэскlэ, узыlэпишэу и Іэзагъыр къызэрылъэлъырт. И хьэлэлагъымкlэ ихъуреягъкlэ щысу хъуар зыщlишэрт. Уэ пхуэдэм ухуэпщылlыныр мы дунейм къытехьэ дэтхэнэ зыми и къалэнщ. Ди адэм псэуху ихьащ а жэуаплыныгъэр. Ар усакlуэшхуэм къыщымынэу, цlыхушхуэуи щытащ.

КУЛИЕВ Алим, *усакlуэм и къуэ.*
США, Лос-Анджелес къалэ

● КъБР-м и прокуратурэм

Япэ игъэщыпхъэхэр ягъэбелджылы

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм щекlуэкlащ хьэгъэщагъэ Іэмалкlэ зыlэрагъэхьа хэхьуэхэр хабзэм къезыгъэзэгъыну хущlэкъуэм я пэщlэтхабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм я унафэщlхэм я зэгуащlэ. Абы щыззэпкърахащ апхуэдэ щlэпхъаджагъэхэр къэхутэным, зэхэгъэкlыным, гъэщlагъэкlэ къаугъуеят мылъкур къатехьыжыным, къэралым иремыгъэшэным пыща Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэгъэзуIуным тещlыхьа планыр гъэззэщlа зэрыхъур.

КЪЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКlЭ, щlэпхъаджагъэ Іэмалкlэ зыlэрагъэхьа хэхьуэхэр хабзэм къезыгъэзэгъыну хущlэкъуэхэм я пэщlэтхабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм я унафэщlхэм я щlэпхъаджагъэхэр къэхутэным, зэхэгъэкlыным, гъэщlагъэкlэ къаугъуеят мылъкур къатехьыжыным, къэралым иремыгъэшэным пыща Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэгъэзуIуным тещlыхьа планыр гъэззэщlа зэрыхъур.

КъЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКlЭ, щlэпхъаджагъэ Іэмалкlэ зыlэрагъэхьа хэхьуэхэр хабзэм къезыгъэзэгъыну хущlэкъуэхэм я пэщlэтхабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм я унафэщlхэм я щlэпхъаджагъэхэр къэхутэныгъэ, зэхэгъэкlыным, гъэщlагъэкlэ къаугъуеят мылъкур къатехьыжыным, къэралым иремыгъэшэным пыща Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэгъэзуIуным тещlыхьа планыр гъэззэщlа зэрыхъур.

Къищынэмыщlауэ, афияным, гъэпцlагъэкlэ мылъкушхуэ зэрызэхадыгъуам, нэгъуэщlхэми ятеухуауэ уголовнэ Іуэхуу 659-рэ пэублэу зэхэзыгъэкl Іэнатlэхэм яIыгъщ. Ауэ, я мыхьэнэр къалъытэу, япэ игъэщыпхъэхэр зэуIуу икlи нэгъэсауэ зэрамыубзыхум, следователхэмрэ къалэнхэр псынщlэу зэфlэзэныгъэхэ къащlэжьам щыщlхэмрэ я пщэрылъэр гъэхуауэ зэрызэхамыгъэкlым и зэранкlэ, зыхуей хьыбархэр тэмэму къаIэрыхьэркъым, къуаншэхэр жэуапым яхуешалlэркъым.

Щытыкlэм зихуэжьэн щхьэкlэ, Іэнатlэ зэхуаку лэжьыгъэр гъэлъэщын, уголовнэ, къэлъыхъуэныгъэ Іуэхуэхэр зэрызэхагъэкlым ведомствэ къэпщытэныгъэмрэ прокурор кlэлъыплъныгъэмрэ щегъэфlэкlуэн хуейщ.

Зэуущlэм щагъбзыхащ хабзэхъумэхэм я къалэнхэр тэмэму гъэпсыным, Іуэхущlапlэ зэхуаку лэжьыгъэр фейдэ пылъу унэтlыным теухуауэ щхьэхуэу икlи зэуIуу зэфlэгъэкlыпхъэхэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

Бжэ зэIухам и махуэ

Тезырхэр егъэпшынымкlэ федеральнэ къулыкъум и Іуэхущlапlэу КъБР-м щыIэм и колание №1-м «Бжэ зэIухам и махуэ» щрагъэкlуэкlащ икlи тутнакъэщым исхэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэзэну Іэмал ягъуэтащ.

ЗЭIУЩlЭМ щlидзэным ипэкlэ, Іуэхущlапlэм и актовэ пэшым Іыхьлыхэр щызэхуашэри, колонием щекlуэкl хабзэм, къемызэгъ хьэпшыпхэр дахьэ зэрымыхъунум, нэгъуэщlхэми щыгъуазэ ящlащ.

Іуэхущlапlэм и унафэщlым и къуэдзэр ящlыгъуу хьэщlэхэм зыщlаплъыхьащ пэшхэм, пщэфlапlэм, щlакхъуэ гъэжьапlэм, щыIащ Іэнатlэм и пщlантlэм дэт мэжджытымрэ члисэмрэ, библиотекэм. Ягъэтlысахэм я Іыхьлыхэр тезырыр тутнакъэщым зэрыщрахьэкlым теухуауэ зыщlэупщlахэм я жэуап ягъуэтащ.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущlапlэм и унафэщl Зэбар Мадинэ зэрыжиIащи, мы Іуэхумкlэ я мурадыр ягъэтlысахэмрэ абыхэм я Іыхьлыхэмрэ зэщlымыунырщ, хабзэм ебэкъуахэр гъэзгу захуэ теувэжыныкlэ а псом мыхьэнэхуэ зэриIэрщ. ИК-м щыдзкlыжьым, ягъэтlысахэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ колонием и унафэщlхэм фыщlэ хуащlащ Іуэху щхьэпэр къызэрызэрагъэпэщам, тезырхэр зыпшыныжхэр зэраIыгъ щыкlэр я нэкlэ зрагъэлъагъуну Іэмал зэрагъуэтам папщlэ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Гум къиIукI псалъэхэр

Бжьыхьэр къоджэ

ЛЪЭ макъ щабэ бзыщIакIэ бжьыхьэм утыку зыкъещI. Жыгхэр зэм зоIущащэ, зэм къызэдофэ, зэми жьыбгъэр къудамэ шэщIахэмкIэ ялъахъэри, хадэм ирагъэблагъэ, жаIэхэм щIагъэдэIу. Жыгхэм зэдагъэщIагъуэхэр жьыбгъэм иIуэтэжынущ. Зэман кIыхькIэ ишэщIми, жыжьэ нихьэсми, псалъэ лей темыкIуадэу, гухэм зыхащIэу. Жьыбгъэм и хъыбар гуэрхэр си дежи къэсынущ, сигу укъигъэкIыжынущ... ЗэкIэ уи деж зыщеIэжьэ. Уэ гукъэкIыж ныпхуихьащи, зэгуэр къэбгъэщIауэ щытахэм псэкIэ уакIэлъопIастхъэ. Ухуейкъым бутIыпщыжыну бжьыхьэм и псалъэр. Ауэ... жыгым и Iэпэр зыIыгъа тхьэмпэр дунеяплъэ йожьэж. Уэ гукъэкIыжым зыхуэпшийурэ, гъуэгу зытеувэжам уроплъэж... КъэпцIыхужа? Ар уи хамэу щытакъым. ИтIани утехьэжыфыркъым... Гъуэгур зэпытхукIынущи, гъунапкъэхэр дгъэбыдэжынущ. АбыкIэ дызэгурыIуауэ щыташ - бжьыхьэм ещIэж...

Дгуэшыжынущ ди бжьыхьэр... Псалъэрэ гухэлъ налъэу къысхуэбгъэфащэу, губжькIэ щIэбуфэжахэм япэкIуэу сыт уэстыжынур? СыткIэ узгъэфIэжыну?

ХьэщIапIэ уздисшэжынущ жыг хадэм. ЛъапцIэу къыщытхуIухьынщ. Тхьэмпэхэр мэIущащэ иджыри. Хьэуам къыхэдна бэуэкIэр бжьыхьэм жыг хадэм щехъумэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Сабий джэгукIэхэр

Топзэрыж

ДжэгукIэ гугъукъым. Джэгур щIалэ цIыкIухэрщ. НэхъыщIэхэри (илъэсибл-бгъу) нэхъыжьыIуэхэри (илъэс пщыкIух-пщыкIубл) зэхэту мэджэгу. Джэгухэр дапщэ хъуми, тIурытIу къызэролэ. Псоми баш зырыз яIыгъщ. Хьэшакъ фIэтмэ, нэхъыфIщ. Гуп къэс пхъэ топ зырызи яIэщ.

ГУБГЪУЭ джафэм (удзыпцIэми хъунущ, ауэ удз имытмэ, нэхъ псынщIэу щокIуэкI) джэгухэр псори сатыритIу щоувыкI. ГупитIым я зэхуаку лъэбакъуибгъупщIы дэлъщ, зы гупым хэтхэр лъэбакъуэ 20-25-кIэ зэпэжыжьэщ. Сатырхэм нэхъыщIэ цIыкIухэр япэ ирагъэувэ. Япэ дыдэ ититIым пхъэ топхэр ират. Ахэр щIым ягъэтIылъ, зэрырахужьэным хуэдэу загъэхьэзырауэ.

Сатырхэм я ужь дыдэ итыр тхьэмадитIырщ. Абы я зыр ину мэкIий: «Топ... зэрыж», - жеIэри. Ар зэрызэхахыу, пхъэ топхэм бгъэдэт щIалэ цIыкIуитIым топхэр ирахужьэ, я гъунэгъум нэс яхуу абы иратыну. Зэратам адэкIэ пащэ. Апхуэдэххэурэ тхьэмадитIым я деж носхэр. Тхьэмадэхэм топхэр ирахужьэри, зэраухылIауэ тур зытращIа щIыпIэм нэс яху.

Топзэрыж щыджэгукIэ, зыгуэр ину еуэу и гъунэгъум блихуу адрей къыкIэлъыкIуэм ирит хъунукъым. Абы апхуэдэу блихуамэ, топым лъэщIыхьэу езым къригъэгъэзэжу зи чэзууэ щытам деж къиухужын хуейщ. ИтIанэщ мыдрейм щыпищэнур. Ауэ хуит ящI зи чэзур тIэкIу къикIуэту топыр къэзыхум нэхъ пасэу къыIихыну.

Иужь дыдэу топыр зылъысыр тхьэмадэхэрщ. Мис ахэр хуитщ зэрафIэщкIэ топыр щIахуэу, зэраухылIа турым ар яхунэгъэсмэ, нагъэсыну. Ауэ абы щыгъуэми езыхэр Iэмал имыIэу жэрыгъэкIэ а турым нэсын хуейщ. Къытежу япэ нэсым и гупыр текIуэу аращ.

Турыр гупитIым я дежкIи зыщ. ЗэрызэгурыIуа лъэбакъуэ бжыгъэм щIигъуу зыгуэрым и топыр лъеямэ, ар хэткъым. Абы щыгъуэ тхьэмадэр а топым кIэлъыжэу турым дежкIэ къеуэжын хуейщ. А псоми зэман токIуадэри, дауи, адрей гупым я тхьэмадэр къыкIэрыхуами, япэ ищыжыныр бетэмалщ.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

● ЩIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Насыпыр зэ къокIуэ

Гуныкъуэгъуэм дыхуэзышэр зыгуэр зэрыдмыщIэракъым, атIэ фIы дыдэу тщIэуэ къытщыхъужу дызэрыщыуэращ.

* * *

Дыгубзыгъащэу зыкъытщымыхъужу, акъыл дызэрыщыщIэр ди фIэщ дывгъэгъэхъут - сыту Iуэху куэд нэхъ тыншу зэфIэкIынут итIанэ.

* * *

ЩIыхьым къыуит гухэхъуэм гъунэ иIэкъым, ар бгъэпщкIуфу зебгъэсэн хуей къудейуэ аращ.

* * *

Зи гупсысэм лъабжьэ иIэ критик лъэщ хъур цIыхубэращ.

* * *

Ущымызахуэм деж къыпкъуэтращ ныбжьэгъу пэжыр, ущызахуэм деж псори уи ныбжьэгъущ.

* * *

Ущыуэну узэрыхуитращ уи къэухьым зиужьынымкIэ Iэмал нэхъыфIыр.

* * *

ЩIэх-щIэхыурэ къохъу и гъащIэм и кIуэцIкIэ зэи пцIы зымыупса цIыхум пцIымрэ пэжымрэ зэхигъэкIыну иужь щихьэ.

* * *

Дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм къриубыдэу насыпыр зэ закъуэ и бжэм къытоуIуэ, ауэ куэдрэ къохъу ар гъунэгъу пэшым щIэсу макъыр щызэхимыхт.

* * *

НыбжьэгъуфI, тхылъыфI, напэ къабзэ - мис ар гъащIэ дахэщ.

* * *

ГъащIэм къыщыхъуа пэжыр зи лъабжьэ гушыIэращ куэдрэ жаIэжыр.

* * *

Уэрамым дэт хьэ хьэулейр зэ IэфIу бгъашхэмэ, зэи къодзэкъэнукъым. АбыкIэ хьэмрэ цIыхумрэ зэщхьэщокI.

* * *

Уи биймрэ уи ныбжьэгъумрэ зэгъусэу уигу щрауд щыIэщ. Уи бийм къыпхужиIэ псалъэ гуауэхэр уи ныбжьэгъум къыщыбжиIэжым деж аращ къэхъур.

* * *

Зыгуэр умыщIэну псалъэ быдэ щыптым и деж абы иужь уихьэныр уи хъуэпсапIэ нэхъыщхьэу укъонэ.

ТВЕН Марк.

● Ар пэжщ

Шейм иIэ щIэупщIэр

Ди къэралым исхэм шейм пащI щыIэкъым. Абы ефэхэм я бжыгъэм и куэдагъым тепщIыхьмэ, ди къэралыр дуней псом щыяпэхэм ящыщщ. Дяпэ итыр Инджылызымрэ Тыркумрэщ.

* * *

Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, махуэ къэс шей йофэ балигъхэм я процент 93-р, сабийхэм я процент 98-р. Ауэ щыхъукIи, къэдгъэлъэгъуа бжыгъэм и Iыхьэ щанэр крушкIи 4 е нэхъыбэ йофэ.

* * *

КъызэрабжамкIэ, Урысейм и цIыхухэр зы илъэсым хуэзэу шей крушкIэ 550-рэ йофэ е махуэм зы крушкIэрэ никъуэрэ.

* * *

Ди къэралым кърашэ ерыскъыхэкIхэм я деж увыпIэ щхьэхуэ щеубыд шейм. Ар хохьэ упсэун папщIэ узыхуей шхыныгъуэу къалъытахэм.

ЛыцIыкIулыбжьэ, бжьыныху щIэгъэжьыхьауэ

Мы ерыскъыгъуэр нэхъ къызыхащIыкIыр былымылым и тхыцIэл щабэращ. ЛыпцIэр зэпаупщI псыгъуэ цIыкIуурэ, и кIыхьагъыр см 3-4, и хьэлъагъыр г 10-15 хуэдизурэ. Шыгъу трагъэщащэри тIэкIу щагъэлъ. ИтIанэ Iэнэм тралъхьэри ягъэжэпхъ. Бжьыныхур яукъэбз, пIащIэурэ яупщIатэ. ТебэкIэ тхъу къагъэплъ, абы лы шыуар мыIув дыдэу иралъхьэ, зэIащIэурэ, тхъуэплъ къищIыху ягъажьэ, бжьыныху упщIэтар хакIутэри, зэIащIэурэ дакъикъэ 1-3 хуэдизкIэ ягъажьэ, абы шыбжий сыр хьэжа хагъэщащэ. Псори зэрызэщIэлъу, зэрызэIащIэм хуэдэурэ, тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Абы и ужькIэ шатэ тIэкIу щIакIэ, зэIащIэ, тебащхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету дакъикъэ зы-тIукIэ ягъэбэкхъ. Iэнэм, зэрызэщIэлъу, тепщэчкIэ трагъэувэ. ПIастэ, мырамысэ хуабэ, щIакхъуэ, лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):
Былымыл лыпцIэу - г 300,
тхъууэ - г 80,
бжьыныхуу - г 40,
шатэу - г 50,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз

Бабыщыл гъэбэкхъа

Бабыщ укIар, гъэкъэбзар Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шыуаным иралъхьэри, лыр щIигъанэу псы хуабэ щIакIэ, шыгъу хадзэ. МафIэр ину зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ, абы и ужькIэ мафIэр цIыкIу ящI, шыуаныщхьэр трапIэри, ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ. Бабыщыл вар лэпсым къыхахри ягъэжэпхъ. ШыуанкIэ е тебэ куукIэ тхъу къагъэплъ, абы бабыщыл гъущахэр халъхьэри, зэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. ИтIанэ мафIэр цIыкIу ящIри, щимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьын, шыбжий сыр хьэжа халъхьэ икIи, зэIащIэурэ, бжьыныр тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Абы бжьыныху уба халъхьэ, зэIащIэурэ шатэпс щIакIэ, шыуаныщхьэр трапIэ, мафIэр щабэ дыдэ ящIри, хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрахыжри джэдгын хаудэ. И щхьэр тепIауэ дакъикъи 5-6-кIэ щагъэт, нэхъ IэфI хъун, мэ дахэ къиштэн щхьэкIэ. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж, бабыщылыр тепщэчым иралъхьэ, абы и щIыIум тракIэ шыуаным къина шатэпсри бжьыныхури. Яшх пщтыру, пIастэ, мырамысэ щIыгъуу. Шэ хуабэ трафыхьыж.

Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):
Бабыщылу - г 1000,
бжьыныщхьэу - г 50,
бжьыныхуу - г 30,
тхъууэ - г 150-рэ,
шатэпсу - г 200,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Хъуэхъу

Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм щыпсэу Хьэщыкъуей Мадинэ Заудин и пхъум и махуэщ

Псэм хуэдгъадэ, фIыщэу тлъагъу ди пщащэ гъэфIэн Мадинэ! Дигуми ди псэми къабгъэдэкIыу дынохъуэхъу укъыщалъхуа махуэмкIи, Пирогов Н. И. и цIэр зезыхьэу Москва дэт Урысей лъэпкъ къэхутакIуэ медицинэ университетыр ехъулIэныгъэкIэ къэбухыу ординатурэм узэрыщIэтIысхьамкIи.

Уи гъащIэ гъуэгур дахэу, узыншагъэ уиIэу, уи гурылъхэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэу, щIэныгъэм и лъагапIэщIэхэм унэсу, ущэныфIэу, уакъылыфIэу, уи адэ-анэр, къыбдалъхуахэмрэ уи нэхъыжьхэмрэ уэркIэ гушхуэу, адыгэ пщащэм и щапхъэщ къыпхужаIэу упсэуну, дуней щIэращIэм гу щыпхуэну Тхьэм жиIэ!

Уи благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

● Псалъэ шэрыуэхэр

Нэ илъагъу нэ ещIэж

ЛIы закъуэ дзэ хъуркъым.
Щхьэзакъуэу псори пщIэну, блэжьыну гугъущ; зыр куэдым пэлъэщыркъым.

Укъыщамыщ1эм уфащэщ, укъыщацIыхум улъэпкъщ.
УкъыздыщамыцIыхум пщIэ къызэрыщыпхуащIыр уи щыгъынымкIэщ, укъыздыщацIыхум – укъызыхэкIа лъэпкъымкIэщ.

ДаIуэ шхиипэ тоувэ.
Чэнджэщ зылъытэр къызэрымыкIыфын щытыкIэ щыIэкъым.

ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ.
ЦIыхухэм къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэр, езыхэм къалъху, къащIэхъуэ бынхэм яхуэкIуэурэ, зы щIэблэм къикIым адрейм кIуэурэ, хъума мэхъу.

Нэ илъагъу нэ ещIэж.
Нэхъ къызэрагъэсэбэп хабзэр бын гъэсэным ехьэлIауэщ: уэ пщIэуэ илъагъурщ бынми ищIэжынур.

Шэми ес, шхуми ес.
ГуитIщхьитIщ, зытриубыдэнур ищIэркъым: Iуэхугъуэ зэхуэмыдитIым языхэзри къыхэпхыну щыгугъу щытыкIэм итщ.

ЩАУЭ Къэлидар.

● Псэущхьэхэр

Бжьэм и псынщIагъыр

Фо килограмм зэхуихьэсын щхьэкIэ бжьэр 120 - 150-рэ бжьаIуэм къилъэтыкIын, удз гъэгъа мелуанитхум нэблагъэм тетIысхьэн хуейщ.

Зы бжьэ матэм дэсхэм къыщалъэтыхьым деж кърухэм хуэдэу зэкIэлъхьэужьу зэпыувэу щытамэ, зы сантиметр фIэкIа ямызэхуакуми, километр ныкъуэ хуэдизкIэ зашэщIынут.

Зы сыхьэтым километр 65-рэ къызэренэкIыф бжьэм. Шхынрэ къарурэ хурикъуамэ, жэщмахуэ 25-м къриубыдэу ЩIыр и хъуреягъкIэ къилъэтыхьыфынут.

* * *

Тхьэрыкъуэр и пIэ щисым деж и гур зы дакъикъэм къриубыдэу 29-рэ къеуэу аращ, щылъатэм деж 450-м ноблагъэ.

* * *

Зи лъыр щIыхуфэ псэущхьэу дунейм тетыр Австралием и гъунэгъу тенджызхэм медузэм ещхьу хэс псэущхьэхэрщ.

* * *

Къуалэбзу псоми псы щефэкIэ я щхьэр къаIэтын хуей мэхъу, тхьэрыкъуэ закъуэращ и щхьэр къыдримыхьейуэ псы ефэфыр.

* * *

Язынысъуэ бзухэм зы сыхьэтым километрищэ къызэранэкIыф, метр мини 7-кIэ заIэт, къэмытIысу километр мини 3 - 3,5-рэ къалъэтыхьыф.

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

Зи ныбжьыр илъэс 92-м ит Шурдым Мэсхьуд *(яку дэсырщ)* **Германием Адыгэ Хасэ къыщызэригъэпэщыну япэ дыдэу иужь ихьахэм ящыщщ. ХамэщI къыщалъхуами, балигъыпIэ зэриувэрэ адыгэ Iуэхум иужь итщ, нэгъуэщI къэрал къыщалъхуа и къуэшхэр зыхэсхэм яхэмызэрыхьыным и гуащIэ хилъхьэ зэпыту къекIуэкIащ. Мэсхьуд Мюнхен щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу куэдрэ лэжьащ, иджыпстуи, и ныбжьыр зэрыхэкIуэтам щхьэкIэ къэмынэу, Истамбыл игъэзэжауэ и лъэпкъэгъухэм я чэнджэщэгъуфIщ.**

Сурэтым Шурдымым къыбгъэдэсщ Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэм и хорым хэт уэрэджыIакIуэ Чолак Камранрэ *(ижьымкIэ щысщ)* **Кёльн Хасэм жыджэру хэт ХьэщIэцIыкIу Аднанрэ.**

● ГушыIэхэр

Сыхэмытми ирокъу

ИнджылызыбзэмкIэ егъэджакIуэр щIалэ цIыкIум йошхыдэ:

- Си дерсым умыхьэзыру щхьэ укъакIуэрэ? Инджылызыбзэр щхьэ пфIэмыгъэщIэгъуэнрэ? Абы дуней псом цIыхуу тетым и ныкъуэр иропсалъэ!

- АтIэ сэ сыхэмытми ирикъуркъэ ар! Куэдыщэщ!!!

КъыслъэщIыхьакъым

ЩIалэ цIыкIур школым къикIыжауэ и анэм жреIэж:

- Мамэ, нобэ классым щIэс псоми мастэ хаIуащ, узыфэ гуэрхэр къапкърымыхьэн щхьэкIэ.

- Хъарзынэщ! Угъакъым, дауи, инышхуэ ухъуащ.

- Сыгъакъым, умыгузавэ. КъыслъэщIэмыхьэу, сыкъыщIэпхъуэжащ.

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **3**. Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **5**. Акъылым уасэ ..., гъэсэныгъэм гъунэ ... **7**. Зеиншэ. **9**. Нартыху хьэжыгъэм къыхащIыкI хьэлу гъэва. **10**. ГъэшхэкI. **11**. Шыуанышхуэ. **13**. Язынылъуэ хьэрып къэралхэм щыпсэу цIыхухъухэм пыIэ папщIэу я щхьэм кърашэкI щэкI. **15**. ...-хьэхуэ жысIэми, си унэ ныкъуэщIыр и кIэм нэзгъэсащ. **16**. Пасэрей адыгэ хъыбарегъащIэ. **17**. НапIэзыпIэ. **19**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **24**. Илъэс ирикъуа щIалэ цIыкIум язынылъуэ унагъуэхэм иращIэкI гуфIэгъуэ. **27**. Псышхуэ, кхъухь абрагъуэхэр щызекIуэу. **29**. Урыс тхакIуэшхуэ, Нобель саугъэтыр зрата. **32**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **33**. ТхылъымпIэм итыр зэрыпэжым щыхьэт техъуэ дамыгъэ. **34**. Ди республикэм щыщ къалэ. **36**. ... къызэрыхъуу, къуалэбзухэр ди щIыпIэм къэлъэтэжащ. **39**. ПкъохэмкIэ Iэтауэ мэкъумылэ щахъумэ щIыпIэ. **40**. Зы бзэкIэ ятхар нэгъуэщIыбзэкIэ зэзыдзэкI. **41**. Уафэ лъащIэм щызеджадэ «бжьэхуц» гуартэ. **42**. Фочыпэм палъхьэ гъущI зэрыпыджэ. **43**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я Iэтащхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа Тау ...

Къехыу: **1**. Уэшхышхуэ нэужьым адэ-мыдэкIэ лъагъуэ щыпхызыш псы цIыкIухэр. **2**. ... и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ. **4**. Илъэс 18 ирикъуа щIалэщIэм и ... кIуэгъуэщ. **6**. ...-шыхъуэхэр КъущхьэхЪу къикIыжащ. **8**. Псалъэ дахэм ... гъуэмбым кърещ. **12**. ТхьэкIумэкIыхьым фIыуэ илъагъу хадэхэкI. **13**. Ахъшэ жьгъей. **14**. Хамэ унагъуэм ирагъэпIу щыта щIалэ цIыкIум зэреджэ. **15**. КIапсэ къызыхах къэкIыгъэ. **18**. Спорт зэхьэзэхуэм 2-нэ увыпIэр къыщызыхьым ират медаль. **20**. Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпIэ. **21**. Мэш хьэуазэ. **22**. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы абрагъуэ. **23**. Уи щхьэм ... хуумыщIмэ, нэгъуэщIым къыпхуищIынукъым. **25**. ... уитхьэлэн? **26**. Адыгэ макъамэ Iэмэпсымэ. **28**. Мывэ блыну дэкIуей бгы задэ. **29**. Пхъэ кIапэ. **30**. Псэм фIэIэфIыр ... фIэдахэщ. **31**. Гъатхэр къызэрихьэу жыгхэм ... иратащ. **35**. ХадэхэкI. **37**. Лъахъстэн лIэужьыгъуэ. Е ... уанэ. **38**. Нартхэм я гъукIэ.

***Зэхэзылъхьар* МЫЗ Ахьмэдщ.**

Жэпуэгъуэм и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Инат. **4**. Хьэрэм. **6**. Шыхъуэ. **8**. Уз. **9**. Уасэ. **10**. ПщIий. **11**. КIуж. **13**. Урыху. **15**. Мэз. **16**. Гуанэ. **17**. Гущэ. **18**. Пэу. **19**. Уае. **21**. Къаз. **22**. Абазэхэ. **25**. Сэджыт. **26**. Iубыгъуэ. **28**. Сэрэбий. **29**. Хыв. **30**. Шыд. **31**. Бэдж. **32**. КIыгу. **34**. Арму. **36**. Хьэм. **37**. Лъагъуэ. **41**. Къум. **42**. Махуэ. **43**. Берд. **45**. Пхъу. **46**. Анэл. **47**. Йемен. **48**. Пхъэх.

Къехыу: **2**. Назир. **3**. Тау. **4**. Хьэсэ. **5**. МыщIэ. **6**. Шей. **7**. ХъуэкIуэн. **12**. Жэназы. **14**. Хугу. **16**. Гуу. **20**. Елисеев. **21**. Къэрэгъэш. **23**. Бжьыдзэ. **24**. Хабзи. **27**. Лэскэн. **31**. Бу. **33**. Гулъ. **35**. Румын. **38**. Гъуаплъэ. **39**. Тхуей. **40**. Берн. **42**. Мыл. **44**. Дэп.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *редактору* ЖьэкIэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Заирэ *(3, 5, 6-нэ нап.),* Щоджэн Иннэ *(1, 2, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.417 ● Заказ №1367